


Vaksen Rapèl COVID-19 Kesyon yo Poze Souvan yo

Èske ou gen kesyon sou vaksen rapèl COVID-19?
Jwenn repons ou yo anba epi vizite mass.gov/CovidVaccine



**Poukisa mwen bezwen
jwenn yon vaksen rapèl
COVID?**

Vaksen COVID-19 efikas anpil, men tankou anpil vaksen, yon vaksen rapèl nesèsè pou asire piplis pwoteksyon pandan letan. Vaksen rapèl COVID-19 bay pwoteksyon ajoute nan viris la ansanm avèk varyan li yo. Pran yon vaksen rapèl ogmante kapasite kò w pou lite kont viris la.

**Ki vaksen rapèl ki
disponib?**

Vaksen rapèl Pfizer, Moderna, ak Johnson & Johnson kounye a disponib. Yo tout ansekirite, gratis, ak efikas.

**Kisa mwen bezwen pote
avèk mwen pou m pran
yon vaksen rapèl?**

Ou pa bezwen yon ID, asirans sante, oswa yon kat vaksen pou w ka resewva yon vaksen rapèl COVID. Men, lè ou gen kat asirans sante w ak kat vaksen COVID-19 sa kapab nesèsè pou fè vizit ou rapidman ke posib.

**Èske lè a rive pou m pran
vaksen rapèl mwen an?**

Vaksen rapèl yo bay plis pwoteksyon posib kont COVID-19, epi tout moun ki elijib ta dwe pran vaksen rapèl yo. Ou kalifye pou pran yon vaksen rapèl si ou gen 18 ane oswa plis epi sa gen 6 mwa depi ou te fin pran dezyèm dòz Moderna ou an si ou gen 16 ane oswa plis epi sa gen 6 mwa depi ou te fin pran dezyèm dòz ou nan Pfizer oswa 2 mwa apre yonsèl dòz Johnson & Johnson ou.

**Ki vaksen rapèl mwen ta
dwe chwazi?**

Tout vaksen rapèl yo efikas epi yo baze sou gid CDC ak FDA, kapab melanje ak asòti. Si ou gen kesyon sou vaksen rapèl ou an, pale avèk founisè swen sante w.



Aprann plis nan:
mass.gov/CovidVaccine

**VAKSEN AN
SOVE
LAVI**

